

30 desanm

Pa gen anyen Bondye pa ka fè. Matye 19. 26

Bondye ki rich anpil la va ban nou tou sa nou bezwen nan Jezi Kris. Filipyen 4. 19

Bondye konnen bezwen nou yo

Pawòl Bondye a rich ak istwa ansanm ak pwomès ki ankouraje nou. Kèlkeswa bezwen nou genyen, nou ka konte sou lanmou Bondye ak pouvwa gran Bondye sovè nou an.

– *Yè* : “nan dezè a yo pa t manke anyen.” (Neyemi 9. 21)

“Farin frans lan pa t fini nan ti bòl la ak lwil doliv la nan ti boutèy la.” (1 Wa 17. 16)

“Bondye toujou pwoteje m jouk jodi a. Mwen la toujou pou m sèvi li temwen devan tout moun, grannèg kou malere.” (Travay 26. 22)

– *Jodi a* : “Mande ya ban nou.” (Matye 7. 7)

“Ouvri bouch nou byen gran e ma plen li ak pawòl mwen.” (Sòm 81. 10)

“Senyè a p ap kite moun ki mache dwat yo soufri gran-gou.” (Pwovèb 10. 3)

“Pa bay kò ou traka pou anyen. Men nan tout sikons-tans mande Bondye sa nou bezwen nan lapriyè.” (Filipyen 4. 6)

“Papa nou tou konnen sa nou bezwen anvan nou mande li.” (Matye 6. 8)

“Bondye bay tout moun san mezire pou gremesi.” (Jak 1. 5)

– *Demen* : “Pa chaje tèt nou pou demen, paske demen va gen zafè pa li. Chak jou gen pwòp chay li.” (Matye 6. 34)

“Se mwen menm ki pral okipe mouton mwen yo, se mwen menm k ap jwenn yon kote pou yo poze. Se mwen menm Senyè sèl Mèt la ki di sa.” (Ezekyèl 34. 12, 15)

“Senyè a se gadò mwen, mwen pap janm manke anyen.” (Sòm 23. 1)

30 décembre

Pour Dieu, tout est possible. Matthieu 19. 26

Mon Dieu comblera tous vos besoins selon ses richesses en gloire dans le Christ Jésus. Philippiens. 4. 19

Dieu connaît nos besoins

La Parole de Dieu abonde en récits et promesses qui nous encouragent. Quels que soient nos besoins, nous pouvons compter sur l'amour et la puissance de notre grand Dieu Sauveur.

– *Hier* : “Dans le désert ils ne manquèrent de rien.” (Néhémie 9. 21)

“Le pot de farine ne s'épuisa pas et la cruche d'huile ne manqua pas, selon la parole de l'Éternel.” (1 Rois 17. 16)

“Ayant donc reçu le secours qui vient de Dieu, me voici debout jusqu'à ce jour.” (Actes 26. 22)

– *Aujourd'hui* : “Demandez, et il vous sera donné.” (Matthieu 7. 7)

“Ouvre ta bouche toute grande, et je la remplirai.” (Psaume 81. 10)

“L'Éternel ne laisse pas l'âme du juste avoir faim.” (Proverbes 10. 3)

“Ne vous inquiétez de rien, mais, en toute circonstance, exposez vos requêtes à Dieu.” (Philippiens 4. 6)

“Votre Père sait de quoi vous avez besoin.” (Matthieu 6. 8)

“Dieu donne à tous libéralement.” (Jacques 1. 5)

– *Demain* : “Ne soyez pas en souci pour le lendemain, car le lendemain sera en souci de lui-même : à chaque jour suffit sa peine.” (Matthieu 6. 34)

“Je prendrai soin de mes brebis... Je les ferai reposer, dit le Seigneur, l'Éternel.” (Ézéchiel 34. 12, 15)

“L'Éternel est mon berger : je ne manquerai de rien.” (Psaume 23. 1)